

Mercredi des cendres

1 An n lapriyè pou Legliz Jezi Kri a, espesyalman pou tout moun ki gen yon responsabilite ladann. Pou yo ede nou viv tan karèm nan nan pataje sa nou genyen, nan lapriyè ak nan jefò pou nou viv daprè volonte Bondye.

An nou Lapriyè

2 Koute rèl nou Granmèt pou tout responsab nasyon yo sou tout fas tè, espesyalman pou tout otorite yo nan peyi pa nou. Pou yo travay pou tabli yo sosyete kote ki gen pataj nan respè youn pou lòt, pou jefò y ap fè pote chanjman ki konsekan pou diyite sila yo ki pi pòv yo.

An nou Lapriyè

3 An nou lapriyè pou tout moun ki dezespere, tout sila yo ki panse ke pa gen padon pou yo ankò. Pou yo toujou jwenn moun ki ede yo konprann kè sansib Bondye a pou tout moun ki rekonèt fot yo.

An nou Lapriyè

4 An nou lapriyè pou nou menm ki rasanble isit la jodi a. Pou nou rekonèt tout mank nou yo ak tout woutin ki anvayi lavi nou nan sèvis Granmèt la.

An nou Lapriyè

Premier Dimanche

1 An n lapriyè pou Legliz Jezi Kri a, espesyalman pou tout moun ki gen yon responsabilite nan Legliz ladann. Pou yo ban ou gou pou Pawòl Bondye a. Pou Pawòl la tounen nouriti noua k bousòl lavi nou tout bon vre.

An nou Lapriyè

2 Koute rèl nou Granmèt pou tout responsab nasyon yo sou tout fas tè, espesyalman pou tout otorite yo nan peyi pa nou. Pou yo louvri je yo sou sa kip a mache byen nan sosyete a. Pou yo travay ak tout fòs yo pou fè disparèt tout enjistis.

An nou Lapriyè

3 Pou sila yo ki nan lagè, ak tout sila yo ki ap sibi konsekans lagè. Pou yo jwenn moun ki ede yo derasinen tout jèm ògèy ak rayisans nan kè yo.

An nou Lapriyè

4 An nou lapriyè pou nou menm ki rasanble isit la jodi a. Pou nou gen kouraj pran desizyon ki konsekan pou chanje lavi nou, pou nou sispann viv nan woutin.

An nou Lapriyè

Deuxième Dimanche

1 An n lapriyè pou Legliz Jezi Kri a, espesyalman pou tout moun ki gen gwo responsabilite ladann. Pou yo angaje yo san gage dèyè pou fè limyè Jezi Kri a klere toupatou sou tè a.

An nou Lapriyè

2 An nou Koute rèl nou Granmèt pou tout responsab nasyon yo sou tout fas tè, espesyalman pou tout otorite yo nan peyi nou. Pou yo travay pou konstwi yon mond kote tout moun jwenn respè, viv ak kè kontan, ak espwa.

An nou Lapriyè

3 Pou tout moun ki malad, ki pou kont yo. Pou yo pa dekouraje, pou yo pa pèdi espwa yo, ni lafwa yo nan Granmèt la.

An nou Lapriyè

4 An nou lapriyè pou nou menm ki rasanble isit la jodi a. Pou Pawòl Bondye pote pou nou yon rekonfò ki pote limyè Granmèt la tout kote nou pase.

An nou Lapriyè

Troisième Dimanche

An nou lapriyè pou Legliz Jezi Kri a, espesyalman pou tout moun ki gen mision pou veye sou lafwa pèp Bondye a. Pou yo ede nou rankontre Granmèt la, ede n angaje n pou liberasyon tout moun. Pou yo ede nou jwenn wout konvèsyon ak chanje kè pou nou viv kòm frè ak sè.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki gen responsabilite politik, ekonomik, sosyal toutpatou sou latè. Espesyalman pou tout otorite nan peyi nou Ayiti. Pou yo travay san pran souf pou sosyete nou an kapab gen plis jistis ak kè poze, pou tout moun kapab viv lib tout bon vre.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki ap souffri, tout sila yo ka sibi pèsekisyon, ki pou kont yo. Pou yo pa pèdi kouraj yo. Pou yo rankontre Bondye nan moun ki ap ede yo.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè, pou nou menm ki rasanble isit la maten an Pou nou pa jwe ak pasians Bondye, pou nou pa viv nan woutin, ni nan ensousians, pou nou fè anpil pwogrè sou chemen renmen ak padon.

An nou Lapriyè

Quatrième Dimanche

An nou lapriyè pou Legliz Jezi Kri a, espesyalman pou tout moun ki gen misyon pou veye sou lafwa pèp Bondye a. Pou yo ede nou dekouvri ke Bondye se yon Papa ki gen bon kè, ki pran pasians, e ki deja fè nou jwenn padon pou peche nou yo nan Jezi Kri.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki gen responsabilite politik, ekonomik, sosyal toutpatou sou latè. Espesyalman pou tout otorite nan peyi nou Ayiti. Pou yo travay pou tout moun kapab viv san kè sote, pou gen plis jistis nan sosyete nou an.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki pa an sante, pou yo gen mwayen pou jwenn sante. Pou nou rive bati yon sosyete kote gen plis solidarite ak renmen. Pou tout malere kapab viv ak kè kontan. Pou tout peyi ki nan lagè kapab valè lapè.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè, pou nou menm ki rasanble isit la jodi a. Pou nou respekte desizyon tout moun ki vle fè efò pou yo jwenn chemen delivrans la, pou nou pa jije no kondane pyès moun.

An nou Lapriyè

Cinquième Dimanche

An nou lapriyè pou Legliz Jezi Kri a, espesyalman pou tout moun ki gen misyon pou veye sou lafwa pèp Bondye a. Pou yo ede nou konnen Jezi-Kri chak jou pi byen. Pou yo ede nou viv nan kè kontan ak nan libète padon Bondye a bay la.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki gen responsabilite politik, ekonomik, sosyal toutpatou sou latè. Espesyalman pou tout otorite nan peyi pa nou. Pou yo travay san pran souf pou ede derasinen soufrans, mizè nan sosyete nou an.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki ap souffri, tout sila yo ki santi yo koupab. Nap sonje espesyalman moun sosyete a kondane sans rezon paske yo pi piti ou byen yo pi fèb. Pou yo fè eksperians renmen ak padon Bondye a nan legliz la ak nan sosyete a.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè, pou nou menm ki rasanble isit la jodi a Pou nou bay Granmèt la premye plas nan lavi nou. Pou nou kite volonte Bondye manifeste nan lavi nou anplen.

An nou Lapriyè

Dimanche des Dameaux

An nou lapriyè pou Legliz Jezi Kri a, espesyalman pou tout moun ki gen mision pou veye sou lafwa pèp Bondye a, tankou nouvo Pap nou an, evèk yo, pè yo, diak yo ak tout relijye/relijijèz yo. Pou yo ede nou konprann ke Bondye toujou bò kote moun ki ap fè byen an, menm lè yo ta sanble pèdi batay la.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki gen responsabilite politik, ekonomik, sosyal toutpatou sou latè. Espesyalman pou tout otorite nan peyi pa nou. Pou yo travay pou kapab gen plis jistis, plis tèt ansanm, plis verite tout bon vre nan sosiete nou an.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki malad e ki pa gen okenn espwa jwenn gerizon. Pou tout moun kap viv sitirasyon malouk nan lavi yo. Pou difikilte ak pwoblèm y ap rankontre pa fè yo pèdi konfians yo nan Granmèt la.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout jèn nan lemond antye espesyalman nan peyi nou Ayiti, pou yo kapab kenbe flanbo lafwa yo byen wo san yo pa kite okenn tantasyon fè yo vire do bay Bondye ak Legliz la.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè, pou nou menm ki rasanble isit la jodi a. Pou menm jan ak bon lawon an, nou viv nan verite, nou rekonèt nou se pechè, epi nou fè Bondye konfians, li menm ki pap janm bliye nou.

An nou Lapriyè

Jeudi Saint

An nou lapriyè pou Legliz Jezi Kri a, espesyalman pou nouvo Pap la Lespri a fè nou kado pou gide lafwa pèp Bondye a, pou ansanm ak tout evèk yo, pè yo, diak yo ak tout relijje/relijjèz yo, yo ede nou gen menm santiman avèk Jezi ki vini pou sèvi tout moun, ki ofri lavi li pou nou.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki gen responsabilite sèvi lòt yo nan domèn politik, relijje, ekonomik, medikal toutpatou sou latè. Pou menm jan ak Jezi yo chèche byen sila yo ki sou kont yo sans yo pa chèche avantay pèsònèl yo anvan tout bagay. Pou yo ede nou defann kòz ki pèmèt moun vin pi moun e pi pitit Bondye.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki malad e ki pa gen pèsonn pou vi n wè yo, pou rann yo yon ti sèvis, sila yo ki ap viv pou kont yo, tout moun sosyete a rejte yo. Pou yo toujou jwenn moun ki ede yo dekouvri renmen Granmèt la pandan nap batay pou yon peyi ki fè plas pou pi piti yo.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè, pou nou menm ki rasanble isit la jodi a. Pou nou jwenn fòs pou n soti nan tout esklavaj nou mete tèt nou. Pou nou viv tout bon vre nan libète pitit Bondye yo. Pou nou toujou disponib pou ede lòt yo lè yo bezwen nou.

An nou Lapriyè